



## Ensandi ak Bèt nan Kay

Bèt nan kay tankou manm fanmi nou, men li enpòtan pou sonje ke ou ka gen mwens ke yon minit aprè alam lafimen an sonnen pou sòti deyò. Paske anpil bèt kay ka kache lè yo pè, lè ou ap pran tan pou chèche yo sa ka mete w nan gwo danje.

### Prepare w

- Pratike egzèsis ensandi ak fanmi ou ak bèt nan kay
- Si bèt kay ou kote ou ka jwen li e ou ka mete li an sekirite rapid san ou pa mete tèt ou an danje, eseye mete yo nan yon kaj e evakye ansanm
- Si ou paka pran bèt ou avè ou, fèmèn yo nan yon chanm pou anpeche lafimen an antre, sòti de kay la, e bay yon ponpye non bèt la ak ki kote li ye.



### Devwa Ponpye a

- Priorite yo se sove ou ak fanmi ou e minimize domaj lakay ou ak pwopriyete ou
- Ponpye yo ap fè tout posib yo pou jwen ak sove nenpòt bèt nan kay ou
- Ekip ijans la ekipe ak oksijèn ki bon pou bèt nan kay ak tank pou resisite bèt kay si li nesèsè

Si 9-1-1 te rele pou **ijans medikal**, sekirize **bèt ou nan yon kaj, nan yon chanm fèmèn oswa avek yon zanmi**. Si ou kapab, rele yon moun pou vin pran swen bèt lakay ou. Sa ka anpeche bèt nan kay ou pou pèdi, boulvèse, oswa atake ekip ijans la.

### Lè detektè lafimen an sonnen, sòti rapid!

Si ou paka pran yo avè ou, fèmèn yo nan yon chanm.

### Alète ponpye yo kote yo ye

Teste detektè lafimen ou e pratike egzèsis ensandi!

Pou plis enfòmasyon sou Sekirite Kont Ensandi Peze la a

